



Pou Piblikasyon Imedya: 08/13/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE EGZANSYON FEDERAL POU PWOPRIYETÈ KAY GWO TANPÈT SANDY KI FIKSE POU RESEVWA RÈGLEMAN FEMA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te mande Sekretè Devlopman Lojman ak Iben Etazini Castro pou itilize diskresyon egzekitif li pou renonse a repetisyon règleman Benefis pou mèt kay yo ki afekte pa Gwo Tanpèt Sandy. Sof si li anile, règleman a ta egzije Nouyòkè ki afekte yo ki pral resevwa kounye a fon adisyonèl nan men FEMA ansanm avèk Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon nan kad resan règleman legal yo pou repeye lajan ke NY Rising te ba yo.

“Renonse avèk egzijans sa se pa sèlman yon politik entelijan— se bon bagay ki dwe fèt,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Nan yon kesyon de jou, Gwo tanpèt Sandy te mete lavi plizyè milyon moun tèt anba, e anpil moun ap kontinye rekipere nan sa ki te pèdi. Yo merite sipò konplè nou, e mwen ankouraje Sekretè HUD Castro pou ede nou rebati pi byen.”

“Efò rekiperasyon alontèm Gouvènè Cuomo pou Sandy, Irene ak Lee, te gen anpil siksè, anpati akoz patenarya pwodiktif, solid Eta New York avèk HUD,” **te deklare Jamie Rubin, Komisyonè New York State Homes and Community Renewal.**

“Renonse a egzijans repetisyon benefis nan ka sa yo se règleman piblik ki fè sans pou alafwa gouvènman Federal ak Eta, antèm de tan, lajan ak resous presye, sa ki dwe kontinye adrese dirèkteman pou rebati kominote ki pi rezistan. Enpòtan ankò, misyon nou tou se pou rapidman ak efikasan sèvi pwopriyetè kay yo kap viv nan kominote sa yo ki afekte epi eksperimante efè devastatè premye men Sandy, sa nou kwè ki pi byen akonpli nan epaye yo difikilte anplis.”

“Ranfòse egzijans repetisyon benefis nan ka sa manifesteman enjis pou vitktim patikilye gwo tanpèt Sandy, ki tap rete tann lontan deja pou yo jwenn konpansasyon adekwatman pou domaj yo te sibi nan tanpèt la,” **te deklare Lisa Bova-Hiatt, Direktè pa Entèrim Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a.** “Si li klè ke pa gen pwosedi rezonab pou jere fon sa yo ak depans pou alafwa nan tan ak resous pèsonèl ki afekte ranpòte de lwen sou tout rekiperasyon posib Eta New York te ka atenn nan non HUD.”

Fon Federal tanpèt la ke yo te bay atravè Pwogram HUD Community Development Block Grant – Disaster Recovery a rejyon ki afekte yo nan Gwo tanpèt Sandy, Siklòn

Irene ak Tanpèt Twopikal Lee dapre Lwa Robert T. Stafford sou Asistans Ijans ak Soulajman Dezas pou asire ke pwopriyete kay yo pa resevwa plizye benefis federal pou menm rezon sa.

Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising te bay preske apepre \$800 milyon a 11,000 met kay annakò avèk gid sa yo, dedwi fon federal enkli FEMA ak Pwogram Nasyonal Sibvansyon Asirans Inondasyon nan total prim NY Rising, anvan met kay yo fini pwogram lan.

Resan defi legal yo pou FEMA/NFIP e nouvo ka ke yo te pote devan FEMA pou re-evalyasyon, pral egzije dezòmè ke pwopriyete kay yo kounye a kap resevwa règleman oswa lajan anplis, pou posiblerman retounen lajan nan pwogram NY Rising. Pwosesis sa a ta kreye yon chaj administratif pou anpil ajans gouvènman, epi poze yon chaj finansye enpòtan ak reta anplis pou met kay yo ki te soufri pou preske twazan pandan yo tap rekipere de tanpèt devastatè sa a.

Lwa Stafford la pèmèt anilasyon repetisyon egzijans benefis lè dirijan yon ajans konsidere li nan pi bon enterè gouvènman federal la. Gen 902 moun nan Eta New York ki te entante yon aksyon legal kont FEMA pou yo ka resevwa peman siplemantè asirans inondasyon ki totalize plis pase \$45 milyon, nan kad NFIP.

Mwayèm prim pou met kay yo se apepre \$20,000, avèk yon pousantaj de 60 pousan ki dedwi pou frè ak depans avoka. Anplis dediksyon obligatwa ta enkli posib peman a konpayi ipotèt met kay yo, Administrasyon Ti Biznis pou repeye pre apre tanpèt la, ansanm avèk lòt pretè tyès pati, konsesyonè ak asirè. Depi yo fin etabli repeman sa yo sou yon baz ka-pa-ka, NY Rising ta apres a re-kalkile chak nan 902 prim rekiperasyon sa yo, e apres a dedwi balans règleman an, sa ki te kapab klase de \$0 a \$8,000, kòm yon repetisyon benefis. Rekiperasyon Eta New York potansyèlman mwens pase depans pou jere pwosesis sa a, ki estime a \$1.5 milyon nan reosus ak tan pèsone.

Anplis, gen omwen 3,900 moun nan New York ki te mande FEMA pou l relouvri reklamasyon yo pou NFIP, yo espere jwenn yon prim adisyonèl NFIP. Si moun sa yo resevwa lajan NFIP anplis, yo pral sijè pou peye frè legal, konpayi ipotèk ak Administrasyon Ti Biznis yo anpremye, ansanm avèk tout lòt tyès pati yo ki mansyone.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418